

RCC 9698

AMAJAMBO MAKURU MAKURU

Guserukira uwitwariwe – gutorana – ingingo ya 168 COCJ – ingingo ya 23, 29 CF – inka y'indongoranywa – intizo – kwitaramura kw'abacamanza – urubanza rwamaze gucika ubutagisubirwamwo.

URUBANZA

- 1 -

RCC 9698

SENTARE NTAHINYUZWA ISHASHE MURI GASAMBURAMANZA YACIYE URUKURIKIRA MU NTAHE Y'ICESE YO KU WA 28.02.2006

HITWARA: T. Pharaïde.

HITWARIRWA: AD de G. Augustin.

Twihweje imburano zashikanywe mw'iyandikiro ry'imanza ry'iyi Sentare na T. Pharaïde ku wa 13.07.2001 arondera isambuka ry'urubanza RCA 1665 rwaciwe na Sentare Nkuru y'Igihugu ya Bururi ruvuga ruti :

- Yakiriye iyunguruzwa ry'urubanza ryagizwe na T. mugabo isanze ata karusho ;
- T. n'abo aserukira baratsinzwe kur'ubwo bwatsi barondera kuri G. ;
- Kuvyerekeye ivyononywe T. niyashaka azobishingira ukundi gusha, abanje guhera ku ntango kuko Sentare ubu ifise urubanza rw'itongo gusa ;
- Amagarama yose y'urubanza azotangwa na T. aserukira IB.

Twihweje ko ivyo birego vyawe, vyongeweko ivy'itariki 06.05.2003, vyamenyeshejwe umuryango wa G. Augustin, nawe aca abatangako inyishu ku wa 10.05.2004 ;

Twihweje ivyegeranyo vyatanzwe k'urubanza, n'umucamanza wa Sentare hamwe n'umushikirizamanza mukuru, ku magenekerezo ya 15.02.2002 na 14.05.2002 ;

Twihweje ingingo yafashwe n'umukuru wa Sentare ku wa 15.07.2002, yo gucisha urubanza muri Sentare ngo ruburanishwe mu ntahe y'icese yo ku wa 04.10.2002 ;

Twihweje ko kw'iryo sango rivuzwe, urubanza rwahamagawe, abasigwa ba G. Augustin ntibaserukirwa urubanza ruca rwungururizwa ku wa 12.12.2002 kugira bongere guhamagarwa, hatumweko n'idosiye RCA 1665 yose ;

Twihweje ko ku ntahe z'icese zo ku wa 20.02.2003, 13.04.2003, 08.05.2003, 21.07.2003, 12.01.2004, 16.04.2004 na 13.09.2004 urubanza rwagiye rurasubira inyuma kubera kusiba kw'ababuranyi ; ububasha bwo guserukira uwitwariwe n'idosiye RCA 1665 bitari bwashike ;

- 2 -

Twihweje ihamagarwa ry'urubanza ku ntahe z'icese zo ku wa 24.01.2005, 31.03.2005, 21.07.2005 aho n'ubundi urubanza rwagiye rurunguruzwa, kubera urwandiko rwo gutuma rutari rukwiye vyangombwa, ukwitaramura kw'abacamanza no kutitaba kw'ababuranyi ;

Twihweje cane cane intahe y'icese yo ku wa 24.10.2005, aho ababuranyi bahahurira, baraburana icyumviro c'umushikirizamanza mukuru kiratangwa, urubanza ruca ruja mu mwiherero ;

Kubera ko ababuranyi bapfa igisate c'itongo ryasigaye mu nzu, MZ. yari yagerereyemwo mu 1938 umwigeme wiwe IB. Elisabeth ; ingo zamugoye ;

Kubera ko IB. yazanye abana akuye iy'umugabo abarerera mu rugo iwa se, ariwe sekuru wabo avyara nyina, hanyuma ageze guhwera, G. Augustin musaza we, ngo aca yihagira nya bwatsi yahoramwo kuko yoba yaraburazwe ;

Kubera ko uwo G. Augustin, yahatwaye yishimikije ko MZ. yapfuye yamuraze ubwatsi busigaye mu nzu bwose, atatomoye ko ubwo yari yamanyuriyeko IB. buvuyemwo ;

Kubera ko T. Pharaïde, umwe mu bana ba IB., yari yagenywe n'uyo kumuserukira ariko uno muni akaba yiserukira n'abana bose bavukana aribo : NT. n'abamukomokako, NA. na SE., kugira baronswe aho baba n'ikibatunga ;

Kubera ko Sentare Nkuru y'Igihugu ya Bururi yabahebuje kubwo bwatsi bwahorana nyina, IB., ibwegurira bwose G. Augustin, yabutoranye ;

Kubera ko mw'itohoza yagize, Sentare (Bururi) yasanze MZ. yarerekanye ic'umwe umwe mu bana biwe atoranye

harimwo n'abakobwa : IN. hamwe na IB. ariko atatomoye ko ubwatsi bwa rima IB. mu gihe yopfa, buzosukirana n'ubwo mu nzu G. yahawe ;

Kubera ko iyo nyifato ya MZ. yatumye Sentare ibona ko ubwatsi bwa IB. bwari intizo ivuye ku bwatsi se yisigarije igihe yasubira iwabo, ic'ibugira ubwatsi bumwe bwo mu nzu bwose, narirya ata karimbi yari yashingiwe ;

Kubera ko uno munsu T. asaba isambuka ry'urwo rubanza RCA 1665, afatiye ku mvo ya mbere y'uko, IB. yarimye nya bwatsi imyaka irenga 50 (1938 - 1991) none atakihavuye, gurtyo Sentare ikaba yarenze ingingo ya 23 y'igitabu kigenga ivy'amatongo ;

Kubera ko igihe IB. yaharima yari yahawe na se wiwe MZ. hanyuma ageze kuraga, ntiyatomora neza uwuzohagukira, ko mw'ico gihe, umwanya wonyene yamaze ahakorera, azi ko ari ah'uwundi, utamuha uburenganzira bwo kuhakomorerwa ngo habe rwiwe bwegu ;

Ko ahubwo ingingo ya 29 agace ka kabiri, itegekanya kw'ivyo bishoboka gusa iyo uwahabaye iyo myaka yose, aba atazi ko hari ah'uwundi ;

- 3 -

Kubera ko lero iyo mvo itosambuzwa urwo rubanza RCA 1665, na rirya itongo riburanwa ryari iry'umuryango kandi atari abiyobewe ;

Kubera ko imvo ya kabiri T. Yifadikiza, ar'uko hari urubanza RC 3239 rwamaze gucika ubutagisubirwamwo rw'itariki 12.04.54, ruha NT. na T. akaranga k'uko bari nkurinkobwa, ariko Sentare Nkuru y'Igihugu iravyirengagiza ;

Kubera ko urwo rubanza RC 24 rwari rwerekeye inka y'indongoranywa, rushingwa na S., umugabo wa IB. aburanya R. ku nka y'ingwati mushikiwe yakowe, igapfa ataco isize ;

Kubera ko urwo rubanza rwerekana ko hatsinzwe S., ariko rukamuha abana babiri biwe ;

Kubera ko akaranga ka « Nkurinkobwa » uwusambuzwa avuga ko yaronkejwe n'ingingo y'urubanza RC 3239 atari ukuri ;

Kubera ko no mu mvo zayo, ku rupapuro rwa kane, Sentare Nkuru yasiguye ko itongo IB. yahora arima, ryatoranye G., none batarimuterako bafise se bashobora gutoranako ; ariwe S. ;

Kubera ko lero ivy'uko Sentare yirengagije ingingo yashinzwe n'urubanza RC 24 ari ikinyoma, none nayonyene itosambuzwa urubanza ;

Kubera ko ikirego ca gatatu kinigura Sentare ya Bururi kuko yahinduye imvugo y'ivyabona bibiri vyawe, mu kwemeza ko itongo IB. yarima ryari intizo, kandi MZ. se wiwe yapfuye ataco arivuzeko ;

Kubera ko kubwiwe, Sentare imaze kunyugwa n'uko MZ. ataco yapfuye arivuzeko, yari guca itegera ko atawe yariraze, nkuko n'amatongo yahaye abahungu ataco yayavuzeko ;

Kubera ko T. yaciye arungika inzandiko zibiri zanditswe kw'itariki 10.01.2001 na 18.01.2002 n'ivyabona vyawe, mwene MZ. : MG. François na K.Evariste, yerekana ingene ngo Sentare yabahinduriye ivyo bari basuye, mu ntahe y'icese yo ku wa 26.03.1993 ;

Kubera ko mu ncamake bese bemeje mw'ayo makete, ko IB. yongewe igisate kivuye ku bwatsi bwa R., kuko yama aganya ko arima imbuto imwe afise abana, ko igisate ca IN. kizogaburwa basazawe bane yapfuye, ko ataco MZ. yatomoye ku bwatsi bwo mu nzu yariyahaye IB. ko kandi, G. yotahira ubwatsi bwo mu nzu bwariwama na se MZ. ;

Kubera ko mu ntahe y'icese yo ku wa 26.03.1993, MG. yari yashikirije nk'ayo majamba nyene yemeza ko ataco MZ. yapfuye avuze ku bwatsi bwa IB., ko mugabo ku bwiwe, bwoca bugaburirwa abahungu biwe bane aramutse apfuye ;

- 4 -

Kubera ko yongeyeko ikindi cyumviro c'uko mu kiringo T. akiriho, bazorondera ubwatsi atakiriho ;

Kubera ko ku kibazo co kumenya igituma batasavye insiguro kuvyerekeye ubwatsi bwa IB. atakiriho, MG. yishuye ko aruko abana : T. na NT. ababavyaye bari babahevyeye ;

Kubera ko MG. yasozereye imvugo yiwe amenyesha ko ubu basohotse kandi bakoshejwe ;

Kubera ko K. yasuye muri iryo ntahe y'icese y'itariki 26.03.1993, ko umwana yitwa G., atari kwasohorwe, yagabiwe ubwatsi MZ. yahora arima, n'uko IB. yongewe ikivi casigaye k'ubwatsi bwa R. (musazawe) aho yimuka ;

Kubera ko kubw'iyi Sentare ataho umucamanza wa Sentare Nkuru ya Bururi yahuvye mu kwibutsa imvugo yabo, ko icagaragaye ar'uko, MZ. atadadanuye ingene bizogenda IB. yitavye Imana, n'abana b'abakobwa biwe bataraja kwubaka ;

Kubera ko ico kibazo arico Sentare yaciye ikemura, yisunze imburano yari yashikirijwe, amajambo y'ivyabona, n'umugenzo wakurikizwa mu gihe MZ. yaraga nk'uko amategeko abiyirekurira ;

Kubera ko kubwa NK. Déo, ivyitwazo vya T., ntibigira aho bihagaze, kuko afise kwa se S. n'abo bivukana bandi : SM., NA., B. na NT. yavyawe kuri rizi ;

Kubera ko yongerako ko n'abana ba NT. bafise ba se kandi batashe iwabo ;

Kubera ko NK. aheraheza imburano ziwe avuga ko T. yubatse urwiwe kuko yarongowe, n'uko abo bivukana bo bategera ko batotorana nyina bafise iwabo ;

Kubera ko ivyo vyemezo vyose vyatumye Sentare itomokerwa n'uko G. yotwara ubwatsi bwose bwo mu nzu, hagiye ko n'ubwo IB. yari yaratijwe ngo ashobore kwibeshaho ;

Kubera ko T. aterekanye aho umucamanza yihenze mu guhereza iyi Sentare ibihinyuza ko umuvyeyi wiwe atari S., ko wenyene atakowe akarongorwa, ko abo bivukana nka SM. batatashe iwabo, ko NT. avuga ko uwo aburanira atitavye Imana kandi ko abana yavyaye batatwawe na se, (Sentare) ikavyirengangiza ;

Kubera ko lero ikirego ca gatatu kidashoboye gusambura urubanza RCA 1665, kuko ibihushane yitwaza ko vyandikiwe ivyabona, atabidomyeko urutoke, kandi bitagaragaye muvuyo avuga ;

- 5 -

Kubera ko ikirego ca kane kirega umucamanza ND. Adrien yitaramuye mu rubanza rwiwe kubera ubugenzi bukomeye bafitaniye na mwene G. ariko ngo aca arubahuka arusubiramwo, arenze ingingo ya 168 y'ibwirizwa n° 1/004 ryo ku wa 14.01.1987 ;

Kubera ko kugira Sentare inyurwe n'uko iryo kosa ryabaye aruko yobanza kudondora ukungene yitaramuye, yabivugiyeye mu ntahe y'icese akavuga intahe y'icese iy'ariyo, vyaranditswe kw'idosiye naho nyene bikagaragara ;

Kubera ko Sentare ibona n'izindi ntahe z'icese uretse iyanyuma, umucamanza ND. Adrien yashashemwo kandi na T. yitavye ntamukebure mu kumutaramura nawe nyene, nk'iz'igenekerezo rya 22.03.2000, 28.09.1993, 31.03.1992, 07.01.1992 ;

Kubera ko T. anegura kandi ko abacamanza bashitse kw'itongo ataribo bagarutse ngo baruce ;

Kubera ko bishobotse vyogirwa mugabo bitashobotse ata kosa riba ribaye, kuko umwanditsi afata icegeranyo kija mw'idosiye kugira abazorusasamwo bose barugireko icyumviro ;

Kubera ko ata ngingo y'igitabu c'amategeko agenga imanza itegekanya ko umucamanza yashitse kw'itongo ariwe arinda kuruca, bikunze n'ivyiza, ariko bitagizwe ata kosa ririmwo, kuko umucamanza uwariwe wese w'iyi Sentare afise ububasha bwo guca imanza zose atuwe mw'iyi Sentare mu gihe atarahindurwa ;

Ko lero ico kirego kitarashe kugira gishobore gusambura urubanza ;

Kubera ko ikirego ca nyuma cerekeye ingene abacamanza babiri bagarutse kw'itongo kwihweza uko inzu yasizwe na IB. yifashe, bahagaze kw'ibarabara bakaraba bagaca bisubirira inyuma, kuko umuburanyi wiwe yavuze ko bayisambuye bakubakaho iyindi ;

Kubera ko ico kibazo c'inzu ibamwo NA. kitaciwe ko urubanza kuko T. yakituye Sentare ku rwego rw'iyungururizo, kitigeze kishikirizwa umucamanza wa mbere ;

Kubera ko ingorane T. yashikiriza kur'iyi zitari bwabeho urubanza rukiri ku rwego rwa mbere ; vyongeye ata bubasha bwo gutumwa na bene kwononerwa yari yatanze ;

Kubera ko ikibazo umucamanza atafashe ko ingingo bigoye kugira kisambuze urubanza RCA 1665 ;

Kubera ko imvo zisigura igituma izo mburano zitakiriwe cumvikane none atonegura ico atumvise ;

- 6 -

KUBERA IZO MVO ZOSE :

Sentare Ntahinyuzwa, igisata ca Gasamburamanza,

Yihweje ibwirizwa n° 1/010 ryo ku wa 18.03.2005 riringaniza ibwirizwa nshingiro rya Republika y'Uburundi ;

Yihweje ibwirizwa n° 1/010 ryo ku wa 13.05.2004 ryerekeye amategeko agenga imanza z'amatati ;

Yihweje ibwirizwa n° 1/07 ryo ku wa 25.02.2005 riringaniza Sentare Ntahinyuzwa.

Yihweje itegeko n° 1/08 ryo ku wa 17.03.2005, ryerekeye iringanizwa rya Sentare n'ububasha bwazo.

Ic'imanza imbonankubone;

Yumvise icyumviro c'umushikirizamanza mukuru;

Ikuye urubanza mu mwiherero;

ISHINZE KO:

- Yakiriye isambuza ry'urubanza RCA 1665 nkuko yarisabwe na T. Pharaïde n'abo aserukira ariko isanze ridashemeye;
- Irahakanye gusambura urwo rubanza rwaciwe na Sentare Nkuru ya Bururi mu ntahe y'icese yo ku wa 08.02.2001;
- Itegetse kw'iyoyi ngingo yandikwa mu bitabo vy'iyoyi Sentare nyene hambavu y'urubanza rudasambuwe;
- Amagarama ageretswe kuri T. Pharaïde n'abo baburanira hamwe.

Uko niko ruciwe kandi rusomwe i Bujumbura mu ntahe y'icese yo ku wa 28.02.2006, hashashe umukuru w'intahe, abacamanza, bafashijwe n'umushikirizamanza mukuru n'umwanditsi.

COMMENTAIRE

(Fait par Alice NIJIMBERE, Président de la Cour Administrative de Bujumbura)

I. UN MOT SUR LE DISPOSITIF

T. Pharaïde agissant au nom des descendants de IB s'est pourvu en cassation pour faire casser l'arrêt RCA 1665 rendu par le Tribunal de Grande instance de Bururi. Nous remarquons de part le dispositif du jugement porté en cassation, que c'est toujours T. Pharaïde qui avait interjeté appel ; ce qui revient à dire que T.P a perdu le procès dès le 1^{er} degré de juridiction.

Nous aimerions emblée faire un petit commentaire sur le dispositif du jugement porté en cassation.

A la lecture de ce dispositif ainsi libellé :

- yakiriye iyunguruzwa ry'urubanza ryagizwe na T. Pharaïde mugabo isanze ata karusho , T. Pharaïde n'abo aserukira baratsinzwe kw'ubwo bwatsi barondera kuri G
- kuvyerekeye ivyonyonywe, T. Pharaïde niyashaka azobishingira ukundi gusha abanje guhera ku ntango kuko Sentare ubu ifise urubanza rw'itongo gusa ;
- Amagarama yose y'urubanza azotangwa na T. Pharaïde aserukira IB.

Nous voyons que l'appel interjeté par I.P n'a pas été reçu. C'est dire donc que la décision du juge du Tribunal de Résidence a été confirmée, mais une erreur de forme qui peut même préjuger du fond de l'affaire est à relever.

Dans ce dispositif du jugement sujet à cassation, le juge d'appel n'a pas expressément mentionné s'il confirmait totalement ou partiellement le 1^{er} jugement, alors que c'est une précision très importante.

Nous remarquons aussi que le même juge d'appel s'est réservé quant à la question relative à l'indemnisation, en avançant comme argument que la question devrait faire l'objet d'une action séparée.

Nous nous disons que les 2 questions sont intimement liées et que le juge d'appel aurait dû s'exprimer sur la question subsidiaire qu'est l'indemnisation, en vertu du principe juridique selon lequel « l'accessoire suit le principal, à moins que la question constituait une demande nouvelle.

Sachant que l'art 38 de la loi n° 1/07 du 25.02.2005 régissant la Cour Suprême dispose que : « lorsqu'elle est saisie d'un pourvoi en cassation, la cour Suprême ne connaît pas du fond de l'affaire. En tout état de cause, elle s'assure que le juge du fond a correctement et juridiquement qualifié les faits ».

Cette dernière phrase de l'article nous conduit à dire que le juge de cassation aurait dû constater que le dispositif du jugement sujet à cassation manque de concision, en ce sens que le juge d'appel n'est pas tenu de se prononcer comme le juge de 1^{er} degré dans son dispositif.

Si la première décision est confirmée totalement, le juge d'appel se prononce simplement en disant qu'il reçoit l'appel et le déclare totalement fondé, et qu'il confirme le premier jugement dans toutes ses dispositions.

Il aurait donc dit ceci :

« -yakiriye iyunguruzwa ry'urubanza ryagizwe na T. Pharaide mugabo isanze ata karusho,
-ikomeje urubanza rwa mbere mu ngingo zarwo zose »

Et si le premier jugement est confirmé partiellement, le juge d'appel reçoit l'appel et le déclare partiellement fondé et statue à nouveau sur certains points du fond de l'affaire sur lesquels il doit donner sa propre décision.

II. COMMENTAIRE PROPREMENT DIT

1. Exposé sommaire des faits.

Nous avons à faire à un litige foncier opposant les ayants droit d'un frère G aux ayants droit d'une sœur IB. Mariée, cette dernière n'a pas eu la chance de rester sous le toit conjugal. Elle a été obligée de retourner chez son père MZ. avec ses enfants qui sont : TP. (représentant la succession IB. dans l'affaire) NT., Na. et SE. Le père MZ leur a concédé une partie du lopin de terre qui lui restait en exploitation.

Ce n'est qu'après la mort du père MZ en premier lieu, suivie de celle d'IB en second lieu, que les descendants de cette dernière se sont vu expropriés la terre leur concédée.

Le frère d'Elisabeth G. Augustin qui est en même temps l'oncle maternel des enfants laissés par IB. prétendait que son père MZ. lui avait légué la propriété qui n'avait pas fait l'objet de partage entre ses descendants, et qu'il s'était réservé de son vivant (ubwatsi bwo mu nzu). G. Augustin spécifie que lors de son décès, le père MZ. n'a pas expressément précisé que la terre concédée à IB. n'allait pas rentrer dans le patrimoine faisant objet de leg à G. Augustin. Et d'en déduire alors que cette propriété devait aussi revenir aux ayants droit G. Augustin.

Le Tribunal de Grande Instance Bururi a, sur base de l'argument avancé par G. Augustin, exproprié les AD. d'IB. en faveur des ayants droit G. Augustin.

2. Commentaire critique

Le problème juridique qui se pose ici est de savoir si le juge du Tribunal de Grande Instance a appliqué la loi pour conclure que G. Augustin a hérité de son père MZ. la propriété foncière exploitée par ce dernier avant sa mort. Un autre point d'ombre à soulever est celui-ci : quand un testament n'est pas clair, comment doit-il être interprété ?

D'entrée de jeu, nous avons dit que nous sommes en présence d'un litige foncier qui fait aussi ressortir des questions de successions, de libéralités, des régimes matrimoniaux et de filiation. Signalons que le juge de cassation a peu invoqué la loi dans sa motivation. Il est vrai que le code foncier a été invoqué à juste titre pour casser le 1^{er} moyen de cassation.

Quant au 2^{ème} moyen de cassation, il devait se rappeler qu'à l'époque des faits, le CPF tout comme la loi sur les successions, les régimes matrimoniaux et les libéralités n'étaient pas encore en vigueur. Il devait donc faire recours aux usages, à la coutume ou à l'équité. Ceci revient aussi à répondre à la question que nous nous sommes posés sur le testament invoqué par les Ayants droit de G. Augustin : Il s'agit d'un testament verbal.

Les testaments verbaux étaient permis en droit romain et souvent invoqués en droit coutumier burundais, mais le juge de cassation ne devrait pas oublier que en matière de testaments verbaux dits « noncupatifs », le risque de tester de manière irréflechie est plus grand, ce qui devrait l'amener à interpréter la volonté du decujus en faveur de l'équitable, en prenant en compte le fait que IB. et G. Augustin étaient tous des descendants de MZ. et au même degré.

C'est la théorie de la donation partage qui devrait ici faire force de loi, la donation partage étant entendue comme un contrat entre vifs à caractères successifs par lequel un ascendant fait actuellement et irrévocablement donation de tout ou partie de ses biens présents à ses enfants et ascendants et en opère le partage entre vifs cfr Jacques Flour, Henri Souleau, Droit Civil, les successions, 2^e éd pge 376.

Cette opération constitue une véritable libéralité : le défunt père MZ. a prévu le règlement de sa succession tout en se dépouillant de son vivant. Il voulait éviter des conflits entre ses successibles. Ce qu'il faut savoir est que une libéralité ne peut excéder le 1/10 des biens du disposant s'il laisse à son décès les héritiers réservataires. Et par héritiers réservataires, il faut comprendre : les enfants légitimes ou reconnus, les enfants adoptifs ou leurs descendants, ainsi que les pères et mère du disposant.

Or, dans le cas présent, ce n'est pas une libéralité ordinaire, c'est une libéralité spéciale, car la personne qui en a bénéficié est un réservataire. Elle ne devrait donc en aucune façon être troublée dans ses droits, (elle et sa descendance)

Le juge de cassation aurait dû cautionner cette thèse, mais en y opposant une réserve qui est de taille : ne

reconnaître aux ayants droits d'IB qu'un droit d'usufruit, aussi longtemps que la filiation légitime n'est pas établie. Mais avec le concept genre et l'évolution des mœurs, il est reconnu que pour succéder, il faut exister à l'ouverture de la succession.

Que l'enfant simplement conçu peut succéder s'il naît vivant. Ici, il n'y a pas de distinction de sexe.

3. Synthèse

Le règlement des conflits ayant trait aux successions, suscite souvent des controverses en ce sens qu'il n'y pas de base légale propre à laquelle le juge de fond doit se référer. Jusqu'à présent, la proposition de loi sur les successions, les libéralités et les régimes matrimoniaux n'est pas adoptée.

Il est donc plus que temps que cette loi soit mise en application, afin de pouvoir mettre au clair le traitement des filles et des garçons en matière successorale. Mais je proposerai que même avant l'adoption de cette proposition de loi, le juge burundais devrait s'inspirer de la convention relative à toutes les formes de discrimination à l'égard de la femme adoptée le 18.12.1979, mise en application le 03.11.1981 et ratifié par le burundi en date du 04.04.1991.

Et comme nous le savons, chaque fois qu'un pays ratifie un texte de loi international, il doit l'intégrer dans sa constitution ou dans d'autres textes de loi. Ce qui est déjà fait. Notre constitution prône la non discrimination de la femme dans tous les domaines.

Dans les litiges faisant intervenir les notions de succession, de libéralité et de régimes matrimoniaux, le juge burundais a souvent tendance à s'inspirer de la coutume et des usages en défavorisant la femme, que cette dernière n'hérite que là où elle a été mariée tout en oubliant que même là où elle a été mariée, la femme n'est que simple usufruitière.

Ici, il sied de rappeler un principe juridique : « la coutume constitue une source de droit à condition qu'elle n'aille pas à l'encontre de la loi ». Par la loi, il faut entendre la constitution et la convention internationale précitée. Or, la coutume burundaise va à l'encontre de ces lois et ne devrait donc plus servir de source de droit en matière de succession.